



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 12 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PÓ PARK ETA BUFFALO

\$15 milyon dola atravè Buffalo Billion ak NY Works pral lanse transfòmasyon premye pak eta nan Buffalo

Gouvènè Cuomo jodia te ofisyèlman deziyen State Park Pò Buffalo kòm 180^{yèm} State Park nan sistèm New York e premye nan Buffalo ki pral pouse revitalizasyon nan bò lanmè vil la. Deziyasyon an lye a transfè ofisyèl de 340 karo tè andeyò Pò Buffalo nan Otorite Transpòtasyon Niagara Frontier (NFTA) a Eta New York kote pral genyen yon destinasyon rekreyasyon, paviyon piknik, ak yon zòn poz ki repanse nan marina, prezante yon pasaj neglije pou pyeton, aksè lapèch ak syèj. Ou ka wè entèpretasyon nouvo etablisman [la](#).

“Nan lanse premye state park Buffalo nan bò lanmè vil la, nap kreye yon destinasyon klas mondyal ki pral atire vizitè toupatou pou yo vin eksperimante kèk nan pi bon bagay Buffalo gen pou ofri,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Transfòmasyon eksteryè Pò a se yon gwo etap avansman pou Buffalo – youn ki pral stimile nouvo investisman nan tout rejyon an ak kondwi nan nouvo opòtinite pou lavni. Mwen fyè paske pwojè sa ap pran fòm e mwen enpasyon pou m wè achèyman nouvo enstalasyon nan Park la.”

Grasa inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Cuomo ak New York Workds, State Park Pò Buffalo pral resevwa yon investisman inisyal de \$15 milyon dola pou amelyorasyon ak devlopman.

340 karo tè a te transfere pa NFTA jodia nan Kòporasyon Devlopman Harbor Erie Canal (ECHDC), yon filyal nan Devlopman Empire State, ki te antre nan yon kontra avèk Biwo Park, Prezèvasyon ak Rekreyasyon Istork (Pak Eta) pou dirije park la, sa ki enkli ti bato Harbor marina. Byenke NFTA pral kontinye opere tè a ak marina anba jiridiksyon park eta jiska novanm 2014, yo pral fè patenarya nan yon seri nouvo aktivite ak pwogram pandan ete sa sou espas ki gen gazon – sa ki gen ladan yon karousèl gratis chak jou, sinema lannwit pou fanmi ak nouvo opsyon manje ak bwason.

Konstriksyon an pral kòmanse nan otòn nan State Park Pò Buffalo pou transfòme zòn lan nan yon pak pèmanan 190 karo tè, sa ki pral sijè a yon revizyon piblik.

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, “Eksteryè Pò Buffalo se premye pwopriyete bò lanmè a e li

finalman ap jwenn atansyon li merite a. Administrasyon mwen an te fè l yon priyorite pou amelyore aksè nan bò dlo. Soti nan gwo investisman nan Basen Erie Marina, yon pwojè \$172 milyon nan sant Pò a, nan redevlopman Broderick Park, nou te fè yon pwogrè siyifikatif pandan ane yo e li senpleman ap vin pi bon. Avèk transfè teren sa andeyò Pò a, nou pral kontinye wè menm plis ankò nouvo investisman, biznis ak opòtinite rekreyasyon pou rezidan vil la ak vizitè yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te ede transfòme bò lanmè nou an nan yon destinasyon klas mondyal.”

Komisyònè State Park yo Rose Harvey te deklare, “Nou kontan anpil pou ofisyèlman akeyi premye park eta nan vil Buffalo. Kounye a ke pwopriyete sa te transfere a Eta, nou enpasyan pou avansman revitalizasyon depi lontan nan bò lanmè Buffalo – sa ki enkli yon sezon ete 2014 enteresan nan park la, ak ofri kominote a yon opòtinite pou peze sou plan alontèm pak la.”

Depite Brian Higgins te deklare, “Eksteryè Pò a sèvi kòm pelouz devan ak tankou peyizaj devan yon kay kap ede defini pwopriyete a, kiltive pwopriyete sa a pral bay gwo rezilta pou vil nou an. Mwen felisite Gouvènè a paske li te anbrase yon bagay ke nou te pale sou li pandan plizyè deseni epi fè li vini reyalite. Kominote sa a kapab gade pou pi devan nan yon bèl state park nan bò lanmè Buffalo.”

Senatè Mark Grisanti te deklare, “Tout pyès yo nan mo kwaze bò lanmè a ap kòmanse rasanble ansanm. Mwen gen konfyans ke konsiltan prensipal ki te chwazi pa ECHDC pral panche sou gwo imaj la epi lap pran opinyon piblik la pou devlope yon plan pou deyò pò a ke tout kominote a kapab fyè de li epi pwofite.”

Manm asanble Sean Ryan te deklare, “State Park Pò Buffalo pral yon gwo adisyon pou zòn bò lanmè nou an, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo, ak ECHDC paske li te ede rèv sa vini yon reyalite. Nouvo park eta pral yon transfòmasyon, e li pral ede ogmante aksè piblik nan dlo a, ak pote plis moun nan zòn bò lanmè a. Vil Buffalo merite pou l genyen yon destinasyon klas mondyal nan dlo pou rezidan avèk vizitè yo ka pwofite, e nan resan ane yo nou te wè gwo pwogrè nan reyalize vizyon sa a. State Park Pò Buffalo pral devlope vil nou an pou jenerasyon kap vini yo, e mwen enpasyan pou premye vizit mwen nan premye park eta nan vil Buffalo.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Mwen felisite Gouvènè a paske li te fè plan sa ale delavan pou kreye yon nouvo state park nan New York la nan Konte Erie, ansanm avèk transfè tè pou plis renovasyon bò lanmè a. Pwogrè sa yo se dènye devlopman nan transfòmasyon kontinyèl ki se refòme zòn bò lanmè nou yo epi gen aksè nan byen ki pi presye nou genyen, Lake Erie.”

Prezidan NFTA Howard A. Zemsky te deklare, “Transfè jodia nan pwopriyete bò dlo NFTA reprezante yon pwogrè enpòtan ki pral bay yon dinamis nan yon transfòmasyon pozitif nan deyò pò nou an. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak angajman kontinyèl li pou re-aparasyon kominote nou an. Kòm yon rezilta dirèk nan tranzaksyon sa a, NFTA ka kounye konsantre ak konsakre atanplen sou misyon prensipal li ki se transpòtasyon piblik.”

Redevlopman deyò Pò a

Haitian Creole

Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie te vote jodia pou nome yon achitèk renome ki rekonèt entènasyonalman ak antrepriz konsepsyon Perkins +Will pou dirije efò planifikasyon Buffalo ak Vil New York pou rès devlopman eksteryè pò a. Nan Septanm 2013, Gouvènè Cuomo te anonse yon pwosesis planifikasyon piblik konplè pou eksplòre pi bon fason pou redevlope bò lak eksteryè pò a sou direksyon yon konsiltan ki genyen espesyalite nan espas ouvè/itilizasyon miks planifikasyon ak angajman kominotè. Yo te chwazi Perkins+Will pou dirije efò sa pami kat ekip finalis pa yon komite anplwaye nan ECHDC, Devlopman Empire State ak Vil Buffalo.

Perkins+Will pral dirije yon pwosesis piblik ki pral bati sou travay planifikasyon ki te dirije anvan pa Vil Buffalo pou konkli avèk devlopman yon apwòch global ki akse sou aplikasyon ak planifikasyon ekonomik debaz “plan” pou re-itilizasyon ak redevlopman tè vid ki pa itilize nan pò eksteryè Buffalo. Pou pwojè a, Perkins+Will te reyini yon ekip ki gen eksperyans entèdisiplinè espesyalis lokal ak nasyonal nan divès domèn tankou angajman kominotè, analiz ekonomik, jeni transpòtasyon, syans marin ak achitekti peyizaj. Perkins+Will te egalman angaje nan yon pousantaj patisipasyon 27 pousan pa minorite ak biznis fi posede.

Nan prepare plan eksteryè pò a, Perkins+Will pral gide pa patisipasyon piblik, ki jere pa ECHDC e li konseye ak sipèvize anplis pa Komite Konsèy zòn dlo Buffalo, yon komite ki gen nèf manm pami lidè Buffalo yo ki te nome pa twò lontan de sa pa Gouvènè Cuomo ak Majistra Brown. Rekòmandasyon yo ki te fèt pa Komite Konsèy ak Perkins+ Will pral revize pa Komite Direktè ECHDC pou konsiderasyon. Konpayi kap dirije pwojè a pou Perkins+Will se pral Karen B. Alschuler, lidè mondyal antrepriz la nan konsepsyon Iben.

Madam Alschuler te deklare, “Pa gen anyen tankou eksitasyon bò dlo a de yon gran vil ki jenere atansyon, patisipasyon ak investisman. Nan pò eksteryè Buffalo nou pral atenn ekilib yon gwo state park epi vize investisman prive. Nou pral ajoute yon etwal ki klere anpil nan konstelasyon vil destinasyon pou kominote, komès ak kilti.”

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Plan nou pou redevlope Pò eksteryè Buffalo konsantre sou itilizasyon miks, aktivite rekreyasyon ak ekonomik ak estrateji ki pral mennen zòn bò lanmè a nan pwochen nivo a. Perkins+Will posede ekspètiz ak kapasite pou bay vrè plan pou transfòme eksteryè pò ak ajoute aksesibilite nan zòn dlo a ak dirabilite, e nou enpasyon pou nou koloabore avèk konpayi an ak ekip li nan travay enpòtan sa.”

Robert Gioia, Prezidan ECHDC ak komite konsèy Devlopman Bò Dlo Buffalo e prezidan Fondasyon Oishei te deklare, “Sa se yon opòtinite pou reyalize anplis potansyèl konplè bò lanmè Buffalo nan kreye yon plan ini kap mete anfas sou konektivite nesèsè ant deyò pò a, distri Cobblestone, bò kanal la ak anba lavil. Konsiltan prensipal nou te chwazi a pral definitivman devlope yon plan ki mete anfas sou lyen ant andedan ak andeyò pò a, kreye aksè plizyè modèl nan bò dlo ak reflekte vizyon kominote a pou byen jeyografik inik sa a.”

Haitian Creole

Etid anviwonmantal Parkland

Depi state park Pò Buffalo aktyèlman egziste sou yon frich endistriyèl, Depatman Sante Park Eta NYS (DOH), ak Depatman Konsèvasyon ak Anviwonman NYS (DEC) te revize tès ak analiz ki te fèt pou state park yo pa yon konpayi konsiltatif ak anviwonmantal. Anplis konpayi an te revize etid ansyen etid ki te fèt sou anviwonman pa Depatman Sante Konte Erie pou gide efò echantiyonaj yo. Apre revizyon rezilta tès yo te genyen konsansis ke tout enfòmasyon ki te kolekte ak analize jiska dat sipòte itilizasyon kontinyèl pò a pou rekreyasyon dlo tankou planch a vwal, aktivite monte kannòt ki gen rapò a dlo tankou triyalton. Premye rezilta tès la disponib pou revize [la](#).

Kòm sa se te sitiasyon an pandan plizyè ane, park la pa pral gen ladan yon douch plaj piblik pandan ete a, men pito li pral konsantre sou aktivite dlo tankou planch a vwal ak kannòt. State park yo ap kontinye travay avèk Kò Enjenyèr lame Etazini, DOH, DEC, Depatman Deta New York ak Depatman Sante Konte Erie pou evalye ak detèmine itilizasyon benefik ak rantab plaj la nan lavni. Kreye yon douch piblik nan state park pò buffalo se youn nan opsyon ki pou revize.

Tès konplè ki gen ladan sifas dlo, dlo lapli, sousòl, sediman ak kalite kontwòl teren an pral kontinye jis nan prentan ak ete pou asire ke tout sezon yo kontwole avèk atansyon e revize anvan yo decide ki itilizasyon pèmanan ki apwopriye nan nouvo state park la.

Nan fason pou ede planifye avni pèmanan state park la Park Eta yo pral òganize reyinyon enfòmasyon piblik nan fen prentan sa pou bay enfòmasyon ak jwenn kòmantè piblik. Reyinyon an se pral etap inisyal nan pwosesis revizyon kalite Anviwonman Eta. Anplis, pwopriyetè marina pral fè sondaj pou mande patisipasyon yo nan pwochen renovasyon nan marina.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou anpil karakteristik nan nouvo state park pò Buffalo [la](#).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418